

Nim. 202.29

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Kontinyite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitistasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitistasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law), avèk dokiman sa a, ap kontinye ak sispanyon ak modifikasyon lwa yo, ak nenpòt enstwiksyon, ke yon enstwiksyon ilteryè pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202.15, 202.16, 202.17, 202.18, 202.19, 202.20, ak 202.21, pandan trant jou jiska dat 7 jen 2020; epi

**AN PLIS**, Mwen, avèk dokiman sa a, ap pwovizwaman modifye, kòmanse apati dat Dekrè Egzekitif sa a, sa nou pral mansyone la yo:

- Seksyon 214-g nan Lwa ak Règ Pratik Sivil yo (Civil Practice Law and Rules), nan mezi ke li pèmèt yon aksyon kòmanse pa pi ta pase yon ane ak sis mwa apre dat seksyon sa a te an vigè, avèk dokiman sa a, li modifye pou pèmèt yon aksyon kòmanse konfòmeman a seksyon sa a kòmanse pa pi ta pase yon ane ak onz mwa apre dat seksyon sa a te an vigè.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan ywityèm jou mwa me nan  
ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a